


agency for persons with disabilities
State of Florida



Rejyon Nòdwès 850-487-1992 Konte Bay, Calhoun, Escambia, Franklin, Gadsden, Gulf, Holmes, Jackson, Jefferson, Leon, Liberty, Okaloosa, Santa Rosa, Wakulla, Walton, ak Washington

Rejyon Nòdès 904-992-2440 Konte Alachua, Baker, Bradford, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Hamilton, Lafayette, Levy, Madison, Nassau, Putnam, St. Johns, Suwannee, Taylor, Union, ak Volusia

Rejyon Santral 407-245-0440 Konte Bevard, Citrus, Hardee, Hernando, Highlands, Lake, Marion, Orange, Osceola, Polk, Seminole, ak Sumter

Rejyon Suncoast 1-800-615-8720 Konte Charlotte, Collier, DeSoto, Glades, Hendry, Hillsborough, Lee, Manatee, Pasco, Pinellas, ak Sarasota

Rejyon Sidès 561-837-5564 Konte Broward, Indian River, Martin, Okeechobee, Palm Beach, ak St. Lucie

Rejyon Sid 305-349-1478 Konte Dade ak Monroe

Agency for Persons with Disabilities
4030 Esplanade Way, Suite 380
Tallahassee, FL 32399-0950
1-866-APD CARES (1-866-273-2273)
850-488-4257
apdcares.org

February 2016

Gid Sèvis Egzanpsyon iBudget Florida



**Sèvis Pou Rezidan Florida ak
Andikap Devlopmanal**

Sèvis iBudget Florida

Se Ajans Florida Pou moun ak andikap [Agency for Persons with Disabilities (APD)] ki administre egzanpsyon iBudget Florida a epi li ofri sipò ak sèvis pou ede moun ki gen andikap devlopmanal viv nan kominote yo. Nou ofri sèvis yo lè gen bezwen pou yo. Sa vle di se pa tout moun ki resevwa tout sèvis yo. Nou bay yon ti eksplikasyon tou kout sou kategori prensipal yo pi ba a. Genyen plis enfòmasyon nan biwo lokal APD ou oswa kowòdonatè sipò egzanpsyon ou. Kèk sèvis bezwen yon evalyasyon pwofesyonèl pou detèmine dimansyon tretman an.

DEVLOPMAN KAPASITE POU VIV ENDEPANDAN

Devlopman Kapasite Pou Viv 1
Endepandan Nivo 1 te rele yon sèvis akonpayman avan. Li genyen swen ki pa medikal, sipèvizyon, ak aktivite pou pran kontak ak lòt moun yo ofri yon adilt youn a youn oswa nan gwoup ki genyen jiska twa moun. Sèvis sa a ede moun gen plis kapasite pou jwenn sèvis nan kominote a poukont yo.

Devlopman Kapasite Pou Viv Endepandan Nivo 2 genyen tout sèvis nan sa ki te rele travay soutni pou ni yon sèl moun ak gwoup. Li ede moun jwenn ak kenbe yon travay nan kominote li, oswa devlope ak opere yon ti komès.

Devlopman Kapasite Pou Viv Endepandan Nivo 3, te rele fòmasyon lajounen pou adilt, epi li gen ladan sèvis fòmasyon ki pou apiye patisipasyon kliyan yo nan bonjan woutin kominote a tankou travay benevòl, chèche travay, jwenn resous nan kominote a, ak defann dwa yo, nan yon kad ki apwopriye pou laj ak kilti yo. Sèvis yo kapab genyen aktivite lajounen enpòtan sou bagay ou bezwen fè pou viv chak jou, kapasite pou adapte, jan pou viv ak lòt moun, ak travay. Aktivite fòmasyon ak woutin ajans la etabli yo dwe enpòtan pou kliyan an epi bay li yon nivo varyasyon ak enterè ki apwopriye.

PWODWI AK EKIPMAN

Atik Medikal Yo Ka Konsome se pwodwi ak atik ki ka fini lè ou itilize yo pou ede moun fè aktivite nan vi yo chak jou. Pwodwi sa yo pa disponib nan Plan Eta Medicaid la. Egzanp yo genyen ladan yo pwodwi pou moun ki gen 21 an oswa plis, ti sèvyèt mouye jetab, ak sèvyèt ijenik pou mete granmoun.

Ekipman ak Pwodwi Medikal Dirab se pwofesyonèl otorize ki preskri yo epi yo

pèmèt yon moun viv nan yon nivo konfò mezi li posib, epi Plan Eta Medicaid la pa garanti yo. Egzanp yo genyen ladan yo plato manje, manch pou kenbe, bouton pou limen limyè oswa ouvri pòt, ak ekipman pozisyonman pèsonalize.

Adaptasyon Pou Bay Aksè Nan Anviwònman se modifikasyon yo fè nan kay la pou pèmèt moun nan fonksyon ak plis endepandans lakay li.

Sistèm Pèsònèl Pou Repons Ijan se sistèm kominikasyon elektwonik ki pèmèt yon moun ki poukont li pandan anpil tan jwenn asistans an ka li ta gen yon ijans. Moun sa a kapab mete yon bouton “èd” pòtab sou li ki pèmèt li deplase pandan li lakay li oswa nan kominote a.

SIPÒ PÈSONÈL

Sipò Pèsònèl mete ansanm sèvis ki te rele avan swen relèv, konpay, sipò nan kay, ak asistans swen pèsònèl . Sèvis sa a bay asistans ak fòmasyon nan aktivite pou viv chak jou tankou manje, benyen, abiye, kenbe kò a pwòp, ak preparasyon manje. Li di sa nan plan sipò a, sèvis sa a kapab genyen travay pou fè menaj nan kay la tou. Sèvis sa a genyen ladan tou swen ki pa medikal avèk aktivite pou pran kontak ak lòt moun, epi li kapab bay aksè nan aktivite nan kominote a ki genyen avantaj pou ede moun nan geri. Sèvis sa a pou kliyan ki gen 21 ane oswa plis epi k

ap viv poukont yo oswa kay fanmi yo. Epi tou li disponib pou moun ki gen omwen 18 an k ap viv poukont yo.

Swen Relèv bay swen sipò ak sipèvizyon po yon moun k ap viv ak fanmi li lè moun ki responsab pou bay li swen an pa kapab paske li p ap la pou yon ti tan swa pou yon bagay li te planifye oswa yon ijans, oswa lè kò moun ki responsab pou bay li swen an pa bon epi li pa kapab bay swen pandan yon ti tan.

SÈVIS REZIDANSYÈL

Sèvis Abilitasyon bay moun ki rete nan yon sant rezidansyèl otorize sipèvizyon ak fòmasyon espesifik. Genyen kat kalite Abilitasyon Rezidansyèl. Yo genyen ladan yo: Estanda; Adomisil; Konsantrasyon Sou Konpòtman; ak Konpòtman Dinamik.

Abilitasyon Rezidansyèl Estanda ak Adomisil bay sipèvizyon ak fòmasyon pou amelyore konpetans nan aktivite chak jou pou viv.

Abilitasyon Rezidansyèl Konsantre Sou Konpòtman ak Konpòtman Dinamik bay fòmasyon ak sipèvizyon pou asiste moun pwoblèm ak konpòtman yo fò anpil, li dire lontan, oswa li souvan.

Swen Medikal Lakay Espesyalize bay sèvis enfimiyè ak sipèvizyon medikal 24 èdtan pa jou bay rezidan nan kay gwoup otorize ki sèvi moun ki gen pwoblèm medikal ki konplike.

Antrènman Pou Viv Apiye bay fòmasyon ak asistans nan diferan kalite aktivite pou apiye moun k ap viv epi okipe kay oswa apatman yo poukont yo.

KOWÒDINASYON SIPÒ

Kowòdinasyon Sipò bay yon kowòdonatè sipò egzanpsyon (WSC) pou idantifye, devlope, ak jwenn aksè nan sipò ak sèvis pou moun nan, kèlkeswa sous finansman an, nan fason ki pi bon mache posib. Genyen twa kalite sipò kowòdinasyon:

Kowòdinasyon Sipò Limite sipoze mwens dinamik pase kowòdinasyon sipò konplè. Pri pou peye kowòdinasyon Sipò Limite redwi epi genyen mwens egzijans pou pran kontak.

Kowòdinasyon Sipò Konplè bay yon bon kantite sipò pou asire okipe sante, sekirite, ak byenèt kliyan an. WSC an kapab pataje travay ak kliyan an avèk fanmi kliyan an, oswa lòt moun k ap bay sipò, men se WSC a ki responsab pou fèt tout travay ki nesèsè ou jwenn, chwazi ak kowòdone sèvis ak sipò, ki yo peye li ak lajan egzanpsyon an oswa ak lòt resous.

Kowòdinasyon Sipò Avanse genyen aktivite ki ede kliyan yon soti nan yon sant swen enfimiyè oswa sant swen entèmedyè pou mank ki gen andikap devlopmanal (ICF/DD) pou al viv nan

kominote a oswa pou ede kliyan ki gen yon sikonstans ki fè yon bezwen yon nivo sipò kowòdinasyon ki pi avanse.

SÈVIS TRANSPÒ

Sèvis Transpò al chèche moun lakay yo pou mennen yo nan sèvis egzanpsyon nan kominote a lè yo pa ka jwenn sèvis transpò pa mwayen natirèl (pa peye).

SÈVIS POU DAN

Sèvis Dan Pou Adilt bay tretman ak pwosedi pou dan pou moun ki gen 21 an oswa plis epi ki pa gen asirans sou Plan Eta Medicaid la.

